

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national

BP 1572

Port-au-Prince Haïti 6110

Tel 29 43 00 79

[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan  
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

# JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

**Mwa Oktòb rive Desanm 2015**

# 57

*Texte en français : voir pages 3-4 et 12-16  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

## **Lèt toulouvri pou tout Otorite sivil, Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a**

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, salye ak anpil respè tout Otorite k ap dirije peyi a nan yon moman difisil tranzisyon. Komisyon an rete kwè ensekirite a an jeneral, ak lit kont kriminalite ak zam yon fason espesyal, toujou rete yon gwo reskonsablite pou tout moun ki gen otorite nan men yo. Se ak kè n sere Komisyon an ap prezante 57yèm rapò sou zak vyolans k ap souke zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa ki pase nan 4yèm trimès (mwa oktòb rive desanm) nan lane 2015.

Peyi a ap travèse yon pwosesis elektoral difisil ki marye ak vyolans, koutba politik, enjerans entènasyonal, eprèv lafòs ant pouvwa ak klas politik la. Sitiyasyon sila a pase anba pye dwa vòt ak patisipasyon sitwayen ak sitwayèn yo genyen, san yo pa janm gen bon libète pou egzèsè l. Reyalite sa a toujou menase egzistans demokratik sosyete a.

Vyolans ak bal rive nan yon nivo ki bay kriz kadyak! Zak kriminel vin pi fasil, epi moun mouri ak bal chak jou. Twòp se twòp. Enstitisyon repibliken yo kraze, Lajistis ak Lapolis pa pote yon repons kòrèk ak revandikasyon pou sitwayen ak sitwayèn ki viktim yo. Pèp la sanble abandone ak pou kont li ! **Komisyon an mande : èske lavi moun gen enpòtans pou otorite peyi a ? Oubyen èske se pouvwa a ki pi enpòtan ?**

**Komisyon an salye memwa 13 polisye ki tonbe nan dènnye trimès sila a anba van vyolans lan, san n pa bliye nan ki kondisyon difisil polisye yo ap travay.**

Men kèk pwèn enpòtan nou obsève :

- Eleksyon an ta dwe yon poumon ki bay lè fre nan demokrasi a, men li toujou fè echèk, epi li mennen anpil vyolans nan peyi a.
- Mwa desanm 2015, se mwa ki te chaje ak anpil asasina ak viktim : chak jou pou pi piti 4 sitwayen te pèdi vi yo anba vyolans ak bal.
- Otorite nan Leta yo se aktè dirèk yo ye nan pakèt vyolans sosyete a toujou konnen. Anpil politisyen konprann pratik taktik vyolans pou pran pouvwa se sèl chimen yo genyen pou reyalize objektif yo.
- Klas politik la poko janm rive antann li sou yon minimòm pou konstwi yon elan devlopman pou sosyete a. **Lajenès pèdi tout lespwa pou yon demen miyò !**
- Peyi a pa gen bon gouvènay nan zafè sekirite, pa menm gen bonjan plan, epi mezi yo pran yo pa janm dire anpil tan.

- Sitwayen yo menm pa kapab soti labank alèz pou ale pran yon ti lajan, paske atoufè ap veye pou fè dappiyanp sou yo. Nan trimès la, 20 asasinay fèt sou moun ki soti labank, san n pa konte tout kalite vòl ak brakaj nan menm sikonstans lan.
- Lapolis depase nan anpil sitiwayon parapò ak yon bann evènman k ap rive, epitou li pa toujou pare pou pote repons ki nesèsè.
- **Nan Site Solèy, Lasalin ak lòt zòn ki viwonnen l, pou pi piti 102 moun pèdi lavi yo anba vyolans.**

Jounen jodi a, Komisyon an ap poze kesyon: Ki sipriz dezagreyab k ap tann peyi a toujou? Eske peyi a ka desann nan nivo ki pi ba toujou pou jan l ye la a ? Moman an grav anpil. Eske sosyete politik la gen kapasite pou mennen peyi a sou chimen pwogrè ak demokrasi? Komisyon Jistis ak Lapè rete atache ak konviksyon se tèt ansanm ak respè pou tout prensip demokratik yo ki pou fè Ayiti vanse.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou HUEH ak PNH. Pou fini, Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li deja ap di n mèsè pou bonjan atansyon n ap bay 57 yèm rapò sila a.

### **Lettre ouverte aux Autorités civiles, judiciaires et policières du pays**

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix, de concert avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince salue respectueusement les Autorités qui dirigent le pays dans cette difficile transition. La Commission croit que l'insécurité en général et la lutte contre la criminalité armée d'une façon particulière doivent constituer des soucis majeurs pour tout détenteur d'autorité. Avec beaucoup de préoccupation la Commission vous présente son 57<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine. Ce rapport rend compte des faits violents perpétrés au cours du 4<sup>ième</sup> trimestre de l'année 2015.

Le pays se trouve en plein dans un processus électoral difficile qui est émaillé de violence, de tricheries, d'ingérences de l'internationale, d'épreuves de force entre le pouvoir et la classe politique. Cette situation mène à des violations du droit de vote et de participation des citoyens et citoyennes. Ceci menace la vie démocratique de la société.

La violence par balle arrive à un niveau à produire une crise cardiaque! L'acte criminel devient trop facile à perpétrer. Trop c'est trop. Les institutions républicaines sont effondrées, la justice et la police n'apportent pas des réponses adéquates pour les citoyens et citoyennes victimes. Le peuple se sent abandonné et délaissé. Est-ce que la vie des gens a encore de l'importance pour les autorités du pays ? Ou serait-ce la lutte pour le pouvoir seulement.

**La Commission salue la mémoire des 13 policiers qui sont tombés, victimes de la violence, au cours de ce dernier trimestre, sans oublier les conditions difficiles du travail policier.**

Voici ce que la Commission constate :

- Les élections devraient être un poumon qui donne de l'air frais à la démocratie, malheureusement elles font échec et deviennent des moments de violence.
- Le mois de décembre 2015 était particulièrement meurtrier : chaque jour au moins 4 personnes ont perdu la vie par la violence armée.
- Les autorités de l'Etat se comportent en acteurs directs dans les violences que connaît la société. Bon nombre de politiciens considèrent les pratiques tactiques violentes pour s'assurer du pouvoir comme le seul chemin pour atteindre leurs objectifs.
- La classe politique n'arrive même pas à s'entendre sur le minimum nécessaire pour assurer le développement du pays. **La jeunesse perd tout espoir d'un lendemain meilleur !**
- Le pays ne dispose pas d'un directif correct au niveau sécuritaire, il n'y a même pas de plan, et les mesures adoptées ne durent pas.
- Les citoyens ne peuvent pas sortir en toute quiétude pour tirer un peu d'argent à la banque par crainte de se faire attaquer par des bandits. Au cours du trimestre, 20 personnes ont perdu la vie en sortant d'une banque ; sans considérer les vols et braquages en ces occasions.
- La police est dépassée dans bon nombre de situations et événements ; elle n'est pas en mesure d'apporter des réponses adéquates.
- A Cité Soleil, La Saline et les zones avoisinantes, au moins 102 citoyens et citoyennes ont été victimes de mort violente.

Aujourd'hui, la Commission se pose la question : Quelle surprise désagréable le pays peut-il attendre encore ? Est-ce qu'il peut descendre plus bas toujours ? Est-ce que la société politique est capable de mener le pays sur la route du progrès et de la démocratie ? La Commission Justice et Paix reste attachée à la conviction que l'unité et le respect des principes démocratiques sont nécessaires pour faire avancer Haïti.

Le Secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ce 57<sup>ième</sup> rapport.

Mme Jocelyne Colas NOEL, Directrice Nationale

M Jocelin Renord, Secrétaire Général Jilap Achipo

Me Rovelsond APOLLON, av, Responsable d'observation

## Tablo mwa oktòb rive desanm 2015

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

*Tableau de synthèse de la violence à Port-au-Prince octobre-décembre 2015*

		Mwa Oktòb <b>60</b> viktim	Mwa Novanm <b>52</b> Viktim	Mwa Desanm <b>141</b> Viktim
<b>1. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		4	6	3
Fanm ki viktim		7	-	6
Timoun ki viktim		1	-	2
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		40	40	124
<b>2. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri akbal		<b>52</b>	<b>46</b>	<b>129</b>
	Moun ki mouri akballapolis / (Minustah)	13	3	7
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / (Ministah)	-	-	-
	Moun ki mouri akbalbandi ki nan gang	6	11	63
	Viktim afwontman ant gang	10	5	15
	Moun ki mouri akbal nèg ak zam yo pa rive idantifye	23	27	44
Moun ki touyetèt yo		-	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		1	3	6
Moun ki mouri nan aksidan		6	1	6
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		1	2	-
<b>3. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		4	3	-
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		20	8	74
Zòn Kafou		3	5	10
Gran Ravin ak Matisan		5	13	-
Petyonvil, wout Frè		-	-	6
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		5	-	1
<b>4. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

## **Analiz ak kòmantè sou 57yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan**

### **Ki sa ki atire atansyon n pandan trimès la**

Pandan twazyèm trimès 2015 la, ant mwa jiyè ak septanm 2015, Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè te dokimante **218** ka moun ki te mouri anba vyolans, **198** nan yo, se bal ki touye yo. Pandan katriyèm trimès la, ant mwa oktòb ak desanm 2015, nou jwenn **253** ka kote moun viktim vyolans, **227** nan yo, se moun ki mouri ak bal ; sa vle di sou chak 100 viktim nan twazyèm trimès la, genyen **14,64 % an plis** nan dènye trimès la.

- Nan mwa desanm sitou te genyen anpil vyolans touye moun : pou pi piti te gen **135** asasinay (bal ak zam blanch), sa vle di pou pi piti : **4** asasinay chak jou.
- Pandan trimès la toujou, pou pi piti **20** moun tonbe viktim apre yo sòti labank ; san n pa konte pakèt moun ki te viktim vòl ak menas ak zam nan menm sikonstans lan.

### ***Krim : yon fòm vyolans ki fèt tou fasil nan zòn metwopolitèn nan !***

Se yon rèv byen lwen pou yon moun panse viv san kè sote nan zòn metwopolitèn nan, paske tout kalite bandi ap veye pou nwi moun ki vle viv nan lapè. Leta dwe leve defi a pou montre kapasite l genyen pou asire sekirite ak yon vi trankil pou sitwayen yo ; epoutan sa se yon gwo misyon pou tout Leta ki chita sou lalwa.

Nan peyi a pa gen yon politik sekirite efikas pou pwoteje moun yo, epi pou kreye sekirite nan katye yo ak nan zòn kote anpil moun ap viv yo. Degre kriminalite k ap devlope nan bidonvil ak nan site yo se yon gwo atak sou dwa moun genyen.

Nan mwa desanm 2015, kantite ka vyolans kote moun mouri ak bal te wo anpil nan zòn metwopolitèn nan, plizyè rezon kapab ede n konprann sa :

- Nan epòk la, te gen eleksyon ;
- Se epòk fèt fen dane yo ;
- Gen enfliyans mouvman gang yo.

Nan lane 2012 tou, tout dènye trimès la te make ak gwo vyolans. Pandan 3 mwa, pou pi piti yo te asasinen 3 moun chak jou nan zòn metwopolitèn nan. Dènye semèn ane a te make ak 8 asasina pou pi piti jou ki 27 ak jou ki 28 desanm 2012. Nan tan sa a, yo t ap lonje dwèt sou baz 117 ki t ap opere ak konplisite otorite anplas yod (Gade Rapò 45, paj 6). Nan mwa desanm 2014 tou, te genyen anpil vyolans. Konsa, jou ki 19 desanm 2014 te gen 8 asasina ; jou ki 12 desanm 2014, te gen 9 asasina pou pi piti (Gade Rapò 53, p. 32-34).

## **Klima elektoral**

Lafyèw elektoral la fè vyolans lan ogmante. Li enpòtan pou koute diferan deklarasyon k ap fèt nan okazyon an, pou tande vyolans ki genyen nan yo, jouk yo kenbe menas ak règleman kont ak vyolans ant aktè yo. Klima politik la gen anpil menas ak pozisyon ekstrèm ladan l, k ap fè kriz yo vin pi grav. Sa k atire atansyon Komisyon an se silans aparèy jidisyè a, ak yon fason espesyal Komisè Gouvènman yo, devan tout kalite menas sa yo k ap fèt an piblik.

## **Fèt fen dane yo**

Chak lane nou konstate gen plis vyolans ak kriminalite nan finisman ane a, paske gen bandi ki vle fè lajan fasil. Yon seri rezo gang vin puisan anpil.

## **Enfliyans mouvman gang yo**

Sistèm politik ayisyen an bati pou gwo moso sou yon seri pratik kote politisyen sèvi ak asasen pou pran oswa pou jere pouvwa nan zòn kote yo genyen enfliyans. Pratik sa a kote yo sèvi ak bandi, sèvi tankou yon lisans pou gwoup ame sa yo ki santi yo kapab aji libelibè nan zòn pa yo a.

Jou ki 16 novanm 2015 nan aswè, Inite lapolis ki rele BOID (Brigad pou Operasyon Entelijans Depatmantal) te mete sou pye yon operasyon touye moun nan zòn Waf Jeremi ak nan Bòston. Yon gang nan zòn nan te patisipe ansanm ak li, selon sa plizyè moun nan zòn nan te fè konnen.

Jou ki 8 desanm 2015 toujou, sete yon jou terib nan Site Solèy, paske te gen gang lènmi ki t ap fè gwo afwontman. Plizyè moun pèdi vi yo.

Lavèy 8 desanm 2015 sete gwo rèl nan Lasalin, paske plizyè moun pèdi vi yo lè yo t ap òganize yon aktivite kiltirèl ki rele *Ti Sourit*. Gang lènmi t ap toke zam pou kontwòl mache Kwabosal ak kèk lòt zòn ki pa twò lwen.

Komisyon an konte yon total 102 sitwayen ak sitwayèn ki pèdi vi yo anba vyolans nan zòn Site Solèy, nan Lasalin ak anviwònman an. Men sa k rive vre dwe pi grav.

Mouvman ak gwoup ki gen zam yo vin pi fò anpil ; peyi a ka rive nan yon sitiwayon kote pa gen tounen ankò. Leta pa kontwole epi anpeche vyolans k ap fèt, yon fason espesyal nan mache piblik yo. Sitou nan katye popilè yo, plizyè milye moun ap viv tankou nan prizon, paske yo pè pou bandi pa touye yo, paske se yo ki kontwole zòn yo. Sanble pa gen remèd pou tout atak ak zam k ap fèt nan lari.

Zak bandi fèt yon fason fasil, sa vle di : enstans ki reskonsab pou asire sekirite vi ak byen yo, pa byen kontwole sa k pase. Sèvis ransèyman an ki travay pou lapolis ak pou Ministè Enteryè

pa efikas. Epoutan, Leta mete anpil lajan apa pou òganize sèvis ransèyman sa a ; men pa gen transparans. **Plizyè antite resevwa nan lajan sa a : Palè nasyonal la, Ministè Enteryè a, Lapolis nasyonal. Yo gaspiye l, paske yo pa reponn bezwen popilasyon an genyen.** Pou pale klè : pou sèl mwa desanm 2015, yo asasinen pou pi piti 135 moun nan lari ak bal epi ak zam blanch, sa se plis pase 4 viktim chak jou ; se mwa a ki te gen pi plis krim ki te fèt nan kapital la depi plizyè lane.

Kesyon lejitim pou n poze : kilès ki reskonsab pou lajan ki dwe sèvi pou sèvis ransèyman an ? Eske yon sèvis konsa egziste pou voye je sou sekirite piblik la ? Kilès ki reskonsab li ? Ki jan pou konprann sa : chak jou plizyè milyon moun dwe al travay epi mennen aktivite yo, men pa gen yon sistèm sekirite ki bay moun asirans yo pa dwe viv nan kè sote ?

- Nan dènye trimès la, plis pase 20 moun tonbe viktim anba bal asasen nan mo man yo t ap sot labank. Gen plizyè polisye nan mitan viktim yo.
- Maxo François, sete yon manm pati politik *Pitit Desalin*. Yo te asasinen l nan Delma 33, apre yo te fin pibliye rezilta eleksyon pou prezidan an ki te fèt 25 oktòb. Anyen pokò klè sou asasina sa a.
- Plis pase 13 polisye pèdi vi yo pandan trimès sa a. Pou tout lane 2015 la, gen 25 polisye ki tonbe. Enstitisyon lapolis la tou genyen anpil difikilte teknik, syantifik, men sitou politik, paske souvan yo lonje dwèt sou lapolis ki ta mele nan zafè politik. Eske fason yo asasinen polisye yo pa fè n wè sistèm sekirite lapolis la tou ap fè echèk ? Eske polisye yo menm pa kreye ensekirite pou pwòp tèt pa yo ? Kantite polisye ki pèdi vi yo pandan yo nan sèvis, se yon move nouvel pou sekirite peyi a menm.
- Jou ki 5 desanm 2015, nan apremidi, nan zòn mache Salomon, bandi ki te gen jilè papadap sou yo, sou moto, dechèpiye yon boutik epi yo kouri ak kès la. Sou wout la, yo tire sou moun yo nan diferan direksyon. Konsa, yo touye 5 moun ; pami yo yon etidyan nan Fakilte Syans imèn ak 2 moun ki te nan yon kòtèj maryaj. Sa pyès moun pa rive konprann : bandi yo travèse plizyè kafou, san pa t gen okenn patwouy lapolis pou fè yo kanpe.
- Jou ki te 3 desanm 2015, bandi te kidnape epi touye Lencie Mirvil, yon jèn etidyant nan Inivèsite Kiskeya. Apre paran yo te renmèt 50.000 dola, yo lage kò a nan mòn Karate sou wout Jakmèl.

## Pou refleksyon n

**Yon kriz elektoral san bout, yon klas politik ki divize,  
yon sosyete ki manke òganizasyon solid :  
tout sa kreye kondisyon pou fini ak enstitisyon Repiblik yo**

Nan tout sistèm demokratik, se ak eleksyon yo renouvle pèsonèl politik la ki nan enstitisyon Leta yo. Depi plizyè lane, chak fwa genyen eleksyon, machin elektoral la pa fonksyone byen. Peyi a lwen ak yon sistèm elektoral fyab, kote yo respekte dwa sitwayen yo genyen yon fason



total. Kredibilite, onètete ak transparans pa janm reponn prezan nan gran randevou demokratik sila a. Eleksyon yo an Ayiti se kote moun pèdi tèt yo, yo kreye enstabilite epi yo febli enstitisyon demokratik yo. Lide pou ta gen yon Leta dedwa toujou rete byen lwen.

Vyolans k ap toujou tounen e k ap travèse sosyete a gen rasin li nan reyalite sosyal ak politik peyi a ki bloke òganizasyon ak bon fonksyònman enstitisyon yo. Ki sa k fè lidè nou yo pa **reyisi mete yo dakò sou pi piti kondisyon pou bay peyi a yon nouvo elan ? Ki fòmil politik oswa ki kalite akò pou n envante pou fè revandikasyon popilè a avanse ?**

Nan tout peyi, respè tout moun genyen pou enstitisyon yo se fondman pou konstwi yon avni dirab. An Ayiti se pa sa k fèt. Eske nou bezwen asepte dirijan yo ap kwè san gade dèyè nan fòs mal yo k ap kontinye ap dirije peyi a ? Kriz elektoral k ap tounen, toujou parèt nan yon dinamik kote chak politisyen kwè se li sèl ki gen tout solisyon nan men l pou tout pwoblèm peyi a genyen. Sistèm politik la menm ap detwi moun, paske chak moun ap chèche elimine sa k anfas li. Konsèy elektoral yo ak komisyon verifikasyon yo ap vini youn dèyè lòt, men kriz yo toujou rete tennfas. Pratik politik yo menm, se pi gwo baryè ki fè peyi a pa vanse. Jan y ap toujou mete konstitisyon 1987 la sou kote, montre sa byen klè.

### **Yon klas politik ki divize**

Yon sosyete ki pa gen yon klas politik dinamik ak reskonsab, kondane pou viv nan dezòd. Se sa k rive peyi a depi diktantan. Men, kouman avanse si pa gen antant sou ki direksyon pou n pran ? Yo refize òganize peyi a selon diferan enstitisyon yo konstitisyon 1987 la te prevwa. Pafwa yo konn di : se konstitisyon 1987 la ki sous enstabilite, men, pawòl sa a pa kòrèk. Se refize yo refize mete kanpe enstitisyon yo, epi pa gen okenn konsansis sou sa k dwe fèt pou asire avni peyi a. Sa k rete se wete kò w, pou m pran plas ou. Konsa pa gen òganizasyon men enstabilite ak vyolans.

Nou mande : pou kisa Ayiti gen tout pwoblèm sa yo pou rive defini yon plan devlopman ? Pou kisa pakèt pati politik sa yo bezwen la ? Peyi a vanse nan yon direksyon ki fatal pou li menm, paske manke gen vizyon ak angajman sitwayen. Ki jan pou n sòti nan enstabilite sa a k ap dire depi de (2) syèk kounye a ?

Fason kominote entènasyonal la ap mele nan sa k gade peyi a, se yon lòt kesyon ki dwe fini. Kilès ki te kwè kondisyon Ayiti a ta atire tout anvè ak enterè bò kote etranje a ? Richès peyi a sere anba tè lakay li kapab fasilman tounen yon espas privejye pou klas dominan an, nan konfyolo ak malfini peyi oksidantal yo. Sa ta anpeche peyi a avanse sou wout pou l mèlè pwòp desten li. Pou kisa yo pa kapab esplwate richès peyi a genyen yon fason ki transparan nèt ak nan enterè popilasyon an?

Anpil jèn ayisyen pa wè yon avni ki pi bon sou tè kote yo fèt la. Yo gen yon sèl rèv, se jwenn viza pou pati aletranje, san yo pa konnen ki kote ak nan ki kondisyon. Si se konsa, ki avni ki genyen pou tè sakre nou an ? N ap viv kote moun pa fè tèt yo konfyans ditou. Sosyete a pa ofri

okenn direksyon, sosyete a manke òganizasyon solid ; manke bon gouvènans ; koripsyon ak detounman finans piblik fè peyi a vin pi pòv ; enflasyon fè lavi vin chè ; pi fò moun pa gen travay ki pèmèt yo viv, epi lamizè ap taye banda.

**Komisyon Jistis ak Lapè pa vle preche dekourajman ak nouvo rapò sa a. Okontrè, nou mande aktè politik yo pou yo depase tèt yo ; nou bezwen yon mobilizasyon kote tout fòs vivan nan peyi a fè yo tandè vwa yo, kote yo kreye nouvo inisyativ, kote yo chwazi yon lòt direksyon. Direksyon sa a se chèche « sa k nan enterè tout moun ak nan enterè tout peyi a »<sup>1</sup>. Sa mande respè pou chak moun ak dwa l yo, patisipasyon ak transparans, sa mande pou n sispann sèvi ak vyolans pou reyalize yon bagay politik, sa mande pou politik la menm tounen yon sèvis pou kominote a.**

## **Rekòmandasyon Komisyon Jistis ak Lapè ap fè**

- A. Pou kreye yon klima kote moun santi yo an sekirite nan zòn metwopolitèn nan, Komisyon an pwopoze pou Konsèy Siperyè Lapolis (CSPN) :
1. Elabore yon plan sekirite espesyal pou katye popilè yo ak kote y ap fè komès, ki toutan anba menas gwoup ak zam ;
  2. Mete kanpe yon plan sekirite pou mache piblik yo nan zòn metwopolitèn nan, sitou mache Kwabosal ;
  3. Etabli pi plis pòs polis, pwèn fiks ak patwouy nan katye popilè yo ;
  4. Oganize yon asiz (kongrè) nasyonal sou sekirite nan peyi d Ayiti ;
  5. Prevwa mwayen pou lapolis kapab sèvi ak aparèy teknolojik (tankou kamera) pou lite kont ensekirite ak vyolans.
- B. Pou fè bon jan prevansyon efikas nan domèn sekirite, Komisyon an rekòmande pou **sèvis sekou yo** mete anbilans sou pwèn sansib yo nan zòn metwopolitèn nan pou reponn rapid lè gen apèl ijans k ap fèt.
- C. Pou Lajistis fè pi bon suivi lè gen zak kriminèl ak vyolans k ap fèt, Komisyon an rekòmande **aparèy jidisyè a** pou :
1. Ofri yon repons reyèl ak efikas sou zak vyolans ak krim k ap fèt yo ;
  2. Fè ankèt sere ki abouti ;

---

<sup>1</sup> Sa k nan enterè tout moun, an franse *le bien commun*, genyen yon sans espesyal selon ansèyman sosyal Legliz la, ki sèvi yon bousòl pou Komisyon an. Sa k nan enterè tout moun, se pakèt kondisyon sa yo sitwayen yo ap chèche, epi sosyete a ak Leta a dwe mete sou pye, pou pèmèt chak sitwayen ak chak gwoup kapab reyalize diyite a tèt yo pi total ak pi konplè. Pami kondisyon sa yo: respè pou moun ak pou dwa l, transparans, patisipasyon. Sèl rezon ki bay Leta lejitimite se reyalize kondisyon sa yo.

3. Oganize jijman nan delè lalwa prevwa pou sa ;
  4. Pran sanksyon kont moun ki koupab yo, selon sa lalwa mande ;
  5. Pran sanksyon kont jij yo ki mele nan koripsyon ki mennen enpinite.
- D. Pou kab gen plis sekirite nan labank yo, Komisyon an rekòmande **reskonsab bank komèsyal yo** pou :
1. Pran mezi pou kliyan yo ki vin chèche sèvis lakay yo pa blije kanpe nan liy ki byen long jous yo rive nan lari ;
  2. Asire pi plis diskresyon kote tranzaksyon finansye yo fèt, paske lòt moun pa bezwen konnen konbyen kòb yon moun vin pran ;
  3. Mete pi bon sekirite anndan ak alantou bank yo, jous kote pakin yo ye.
- E. Pou pwosesis elektoral la pa gen vyolans ladan l, Komisyon an rekòmande pou **pati politik yo, KEP la, ak Lajistis**, pou :
1. Respekte règfwèt demokratik yo yon fason transparan, san pa gen moun sou kote ;
  2. Kreye yon pak lapè oswa yon antant nan mitan aktè politik yo pou pa sèvi ak vyolans nan batay elektoral la ;
  3. Aplike diferan sanksyon yo Dekrè elektoral la prevwa pou tout moun (kandida ak patizan yo) ki sèvi ak vyolans.
- F. Pou rive nan yon prevansyon sosyal ki respekte dwa moun, Komisyon an rekòmande pou diferan **sèvis Leta yo** :
1. Ranfòse diferan enstitisyon sosyal ak sèvis piblik yo pou reponn vrè bezwen popilasyon an genyen, tankou sèvis lasante, edikasyon, el. ;
  2. Devlope plis aktivite kiltirèl ak espòtif pou pèmèt jèn yo pa antre nan dwòg ak zak kriminel ;
  3. Defini yon seri politik piblik pou kreye richès nan peyi a, pou ankouraje pwodiksyon lokal, ak pou bese nivo chomaj nan peyi a.

## **Analyse et commentaire du 57<sup>ième</sup> rapport Sur la violence à travers la zone métropolitaine**

### **Les faits saillants du trimestre**

Au cours du 3<sup>ième</sup> trimestre, soit de juillet à septembre 2015, la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix avait documenté **218 cas de victimes de violence** dont **198** tuées par balle. Alors que pour le 4<sup>ième</sup> trimestre, la Commission a recensé **253** victimes, dont **227** de tués par balle, ce qui signifie une **augmentation de 14,64 %** de tuées par balle.

- Le mois de décembre a été particulièrement meurtrier, avec **135** assassinats, soit plus de **4** morts par jour.
- Au moins **20** personnes ont été victimes au cours de ces 3 mois en sortant d'une banque, sans compter les nombreux cas de braquages et de vols dans les mêmes circonstances.

### ***Le crime devient une forme de violence facile dans la capitale !***

Vouloir vivre en toute quiétude dans la zone métropolitaine devient une véritable illusion, car des bandits de tous poils sont dans les parages pour nuire aux paisibles gens. L'Etat est défié quotidiennement dans ses capacités d'assurer la sécurité et la tranquillité des citoyens et citoyennes, ce qui est une de ses missions essentielles dans tout état de droit.

De toute évidence, il n'y a pas de politique sécuritaire efficace pour protéger les personnes et sécuriser les zones et les quartiers peuplés. **Le niveau de criminalité qui se développe dans les bidonvilles est une atteinte grave aux droits des personnes.**

Le mois de décembre 2015 a connu de nombreux cas de violence par balle dans la zone métropolitaine, plusieurs facteurs peuvent l'expliquer :

- Le climat électoral et l'instabilité politique,
- Les fêtes de fin d'année,
- L'influence des mouvements de gangs.

En 2012 également, le dernier trimestre de l'année fut marqué fortement par la violence : pendant 3 mois au moins 3 assassinats étaient perpétrés chaque jour dans la zone métropolitaine. Le 27 et le 28 décembre 2012 on comptait même 8 crimes par jour. A ce moment on longea le doigt sur la base 117 qui opérait avec complicité de l'autorité en place (Voir le Rapport 45, page 12). Au cours du mois de décembre 2014, on comptait pour le 19 décembre 8 assassinats, et le 12 décembre 2014, la Commission a recensé un minimum de 9 assassinats (Rapport 53, pages 32-34).

### **Le climat électoral**

La fièvre électorale permet d'observer différentes déclarations qui souvent contiennent des menaces et même des règlements de compte politiques violents. L'environnement politique du pays est intoxiqué par des propos et positions extrémistes. **La passivité de la Justice (des Commissaires de Gouvernement) dans ce contexte est étonnante et témoigne d'une réelle démission.**

### **Les fêtes de fin d'année**

La période des fêtes de fin d'année est émaillée de violence par des gens mal intentionnés qui cherchent à faire de l'argent facile ; spécialement les réseaux de gangsters qui sont devenus très puissants de façon spectaculaire.

## L'influence des mouvements de gangs

Le système politique haïtien se construit en grande partie par des pratiques malsaines où, les politiciens utilisent les services des hommes de main pour prendre et gérer le pouvoir dans leurs zones d'influence. Cet appel de service fonctionne comme une licence aux groupes armés pour faire n'importe quoi dans leur zone.

Dans la soirée du 16 novembre 2015, dans la zone de Warf Jérémie et Boston à Cité Soleil, un carnage a eu lieu, orchestré par des agents de l'unité de police dénommée **BOLD** (Brigade des opérations d'intelligence départementale) aidé par des bandits de la zone, selon les déclarations faites par plusieurs citoyens de la zone.

Le 8 décembre 2015, la journée fut très macabre à Cité Soleil, parce que des gangs rivaux se sont affrontés durement ; plusieurs personnes ont été tuées.

A La Saline, la soirée du 8 décembre également était sombre par la mort violente de plusieurs personnes tuées lors d'une activité culturelle dénommée *Ti Sourit*. Des gangs rivaux y ont livré une bataille pour le contrôle des marchés de la Croix des Bossales et des zones avoisinantes.

Au total, la Commission a recensé 102 personnes tuées au cours du dernier trimestre dans cette zone de la commune de Cité Soleil, de La Saline et des zones avoisinantes.

Les mouvements ou groupes armés deviennent tellement forts, qu'on pourrait déboucher sur une situation de non retour, car L'Etat ne contrôle et n'empêche pas la violence, surtout dans les espaces publics. C'est le cas des quartiers populaires où des milliers de citoyens se font prisonniers par crainte de se faire tuer par des bandits de toute sorte qui opèrent et contrôlent les secteurs. Les braquages en pleine rue semblent n'avoir pas de traitement.

La facilité avec laquelle les actions de banditisme sont perpétrées, permettent de voir que la sécurité dans les rues n'est pas bien contrôlée par les instances responsables pour la sécurité des vies et des biens. Le service de renseignements de la police ou du Ministère de l'Intérieur ne se montre pas fonctionnel. **Des montants importants sont alloués pour des tâches de renseignement, mais sans aucune transparence. Plusieurs entités comme le Palais National, le Ministère de l'Intérieur et la Police Nationale utilisent cet argent et le gaspillent sans répondre aux besoins de la population. A preuve, les gens qui sont toujours des proies faciles pour des malfrats en sortant des banques. Toujours, pour le seul mois de décembre 135 personnes ont été tuées par balle ou par arme blanche : cela signifie plus de 4 victimes de la violence armée par jour ; ce mois de décembre 2015 est le mois le plus meurtrier que la capitale ait connu depuis des années.**

La question est donc légitime : qui est responsable des fonds du service de renseignement ? Existe-t-il un service de renseignement organisé qui surveille la sécurité publique ? Qui en est responsable ? Comment se fait-il que des millions de gens se voient obligés de vaquer à leurs activités quotidiennes sans qu'il y ait un système de sécurité qui assure la quiétude d'esprit ?

- Au cours du trimestre, plus d'une vingtaine de personnes ont été tuées par balle en sortant d'une banque, parmi eux des policiers.
- Le cas de Maxo François, membre du parti *Pittit Desalin*, abattu à Delmas 33, après la publication des résultats des élections présidentielles du 25 octobre, a suscité beaucoup de remous, mais aucune lumière n'a été faite sur le cas.
- Plus de 13 policiers ont été tués par balles au cours du trimestre. Pour toute l'année 2015, le nombre monte à 25 policiers (nationaux et étrangers) victimes. L'institution policière connaît pas mal de difficulté à la fois d'ordre technique, scientifique et surtout politique, parce que souvent on pointe de doigt la police dans des cas assimilés à la politique. Est-ce que la façon dont les policiers sont tués fait voir et comprendre l'échec du système de sécurité

de la PNH ? Peut-on dire que les policiers créent leur propre insécurité ? Le nombre de policiers abattus en plein service est une mauvaise nouvelle pour la sécurité dans le pays.

- Le 5 décembre 2015, dans l'après midi, dans la zone de marché Salomon, des bandits à moto, vêtus d'un gilet de *pappadap*, ont cambriolé un magasin et emporté la caisse. Sur leur chemin, ils ont tiré à hauteur d'homme dans plusieurs directions : 5 personnes ont été tuées, dont un étudiant de la Faculté des Sciences Humaines et 2 personnes participant à un cortège de mariage. Ce qui est surprenant, les bandits ont traversé plusieurs carrefours sans être inquiétés par une patrouille de police.

## Pour la réflexion

### **Crise électorale qui n'en finit pas, une classe politique divisée et une société en panne d'organisations solides : tout contribue à l'effondrement des institutions républicaines**

Dans tout système démocratique, les élections restent et demeurent la voie royale pour renouveler le personnel politique des institutions étatiques. Depuis des années, à chaque processus électoral, la machine électorale rencontre toujours des problèmes. Le pays est encore loin d'un système électoral fiable qui respecte pleinement le droit des citoyens. La crédibilité, l'honnêteté et la transparence sont absentes à ce grand rendez-vous démocratique. Les élections en Haïti restent un labyrinthe très complexe, elles créent de l'instabilité et rendent fragiles les institutions démocratiques. La vision d'un état de droit est un rêve lointain.

Les cycles de violence qui traversent la société proviennent de la réalité sociale et politique, ils empêchent la mise en place et le bon fonctionnement des institutions. **Comment se fait-il que les acteurs politiques ne réussissent pas à s'entendre sur un minimum pour donner un nouvel élan au pays ? Quelle formule politique ou pacte faudrait-il inventer pour faire avancer les revendications populaires ?**

Dans tout pays, le respect des institutions est le socle pour construire un avenir durable. En Haïti, ceci n'est pas le cas. Faut-il croire que nos gouvernements ont une croyance aveugle dans la permanence du mal pour le pays ? La crise électorale récurrente se manifeste dans une dynamique où chaque homme politique se croit seul investi des solutions de tous les problèmes du pays. Le système politique est mangeur d'homme, où chacun cherche à détruire son concurrent. Les conseils électoraux et les commissions de vérification se succèdent. Mais les crises restent ce qu'elles sont. Les pratiques politiques sont la grande barrière qui empêche d'avancer. La mise à l'écart systématique de la Constitution de 1987 en est une bonne illustration.

### **Une classe politique divisée**

Une société sans une classe politique dynamique et responsable est vouée à toutes sortes de dérives. En Haïti, nos hommes politiques n'arrivent pas à une entente minimale sur la direction à prendre. Le refus d'organiser le pays autour des institutions prévues par la constitution, enlève tout élan national au pays. Le rituel alors devient « ôte toi pour que je m'y mette » : un rituel qui n'organise pas, mais qui est source d'instabilité et de violence. A quoi servent finalement des centaines de partis politiques ? Le pays marche vers un destin fatal par manque de vision et d'engagement citoyen. Comment sortir de cette instabilité de deux siècles d'histoire ?

La bonne marche de toute société dépend du niveau d'organisation normale des institutions. La crise institutionnelle que connaît Haïti est due à une lutte fratricide entre les acteurs politique qui n'arrivent pas à trouver une entente politique capable de construire le projet national et des institutions comme prévues dans la Constitution de 1987. Dire que la Constitution de 1987 est source d'instabilité, est à notre avis, une mauvaise lecture. Le refus de structurer et d'organiser les institutions, tout comme l'absence de consensus sur le devenir de la nation sont des causes plus importantes.

L'immixtion de la communauté internationale dans les affaires internes du pays est encore un autre facteur à désactiver. Qui aurait pensé que le sort d'Haïti attire tant de convoitise et d'intérêt étranger ? Les richesses naturelles du sous-sol risquent de devenir la chasse gardée de la classe dominante de connivence avec les vautours des pays occidentaux. Pourquoi les richesses naturelles d'Haïti ne peuvent-elles pas être exploitées dans la transparence et l'intérêt de la population haïtienne?

Pour de nombreux jeunes haïtiens, il n'y a malheureusement plus d'espoir d'un lendemain meilleur sur sa terre natale. Tout rêve est de trouver un visa pour partir vers des aventures inconnues! Quel est alors le devenir de cette terre sainte ? **L'haïtien semble n'avoir plus confiance en soi-même, la société haïtienne n'offre plus de repères, la société est en panne d'organisation.** Partout on ressent la mauvaise gouvernance ; la corruption et le détournement des finances publiques appauvrissent l'Etat ; l'inflation est galopante et le chômage et la misère font rage.

**La Commission Justice et Paix, à l'occasion de ce nouveau rapport, ne veut nullement prêcher le défaitisme ; elle appelle plutôt les acteurs politiques à une transcendance. Il faut une mobilisation générale des forces vives de ce pays pour se faire entendre, pour créer des alternatives et de choisir résolument une autre direction, qui ne peut être autre que la recherche du *bien commun*<sup>2</sup> pour le pays et son peuple, ce qui signifie le respect des personnes et de leurs droits, la participation dans la transparence et la fin de la violence à des fins politiques. La politique doit enfin trouver sa vraie mission comme service de la communauté.**

*Rovelsond Apollon, Av*

## **Recommandations de la Commission Justice et Paix**

- A. Pour créer un climat sécuritaire dans la zone métropolitaine, la Commission recommande **au Conseil Supérieur de la Police Nationale (CSPN)** de :
1. Elaborer un plan de sécurité spécial pour contrôler les quartiers populaires et les espaces commerciaux, menacés constamment par des groupes armés.
  2. Doter les marchés publics de la zone métropolitaine d'un plan de sécurité spécial, particulièrement le marché de la Croix-des-Bossales.
  3. Créer plus de postes de police, de points fixes et de patrouilles mobiles dans les quartiers populaires.

---

<sup>2</sup> Le **bien commun** dans l'esprit de l'enseignement social de l'Eglise, dont s'inspire la Commission Justice et Paix, est l'ensemble des conditions qui permettent aux individus et aux groupes de se réaliser le plus pleinement possible. La réalisation de ces conditions est la seule raison d'être de l'Etat et de ses institutions. Ces conditions concernent la dignité humaine, la satisfaction des droits de tous, la paix, la participation, la justice sociale.



4. Organiser une assise nationale sur la sécurité en Haïti.
  5. Prévoir les moyens pour que la police puisse utiliser des appareils technologiques (comme des caméras) dans la lutte contre l'insécurité et la violence.
- B. Pour une prévention efficace et effective dans le domaine de la sécurité, la Commission recommande **aux services de secours**, de poster des ambulanciers dans les points sensibles de la zone métropolitaine, afin de répondre de façon rapide aux appels d'urgence.
- C. Pour un meilleur suivi des actes de violence, la Commission recommande **aux différents acteurs de la Justice** de :
1. Offrir des réponses effectives aux actes de violence et à la criminalité ;
  2. Mener des enquêtes effectives qui aboutissent ;
  3. Organiser des jugements des personnes mises en accusation dans les délais légaux ;
  4. Sanctionner les coupables conformément aux prescrits de la loi et les exigences d'une justice équitable ;
  5. Prendre des sanctions contre les juges corrompus, sources d'impunité.
- D. Pour arriver à plus de sécurité dans les banques la Commission recommande **aux responsables des banques** de :
1. Organiser l'accueil de sorte que les clients ne soient pas obligés de rester dans des lignes d'attente bien longues qui arrivent même dans les rues ;
  2. Assurer qu'il ait plus de discrétion pour les transactions financières, parce que personne ne doit connaître les montants en question ;
  3. Assurer une meilleure sécurité à l'intérieur et aux alentours des banques jusque dans les espaces du parking.
- E. Pour arriver à un processus électoral sans violence, la Commission recommande **aux partis politiques, au CEP et à la Justice** de :
1. Respecter le jeu démocratique dans la transparence et l'inclusion ;
  2. Conclure un pacte pour la paix et la non violence dans la course électorale entre les acteurs politiques en compétition ;
  3. Appliquer effectivement les sanctions prévues dans le décret électoral contre les auteurs (candidats et partisans) des actes de violence.
- F. Pour arriver à une prévention sociale qui respecte les droits des personnes, la Commission recommande **aux responsables des services de l'Etat**, de :
1. Renforcer les différentes institutions sociales et services publics de l'Etat pour répondre aux besoins réels de la population, comme les services de santé, l'éducation, el.
  2. Développer plus d'activités culturelles et sportives pour permettre aux jeunes de se détourner de la drogue et des actes de criminalité ;
  3. Définir des politiques publiques en vue de la création de richesse pour le pays, pour encourager la production locale et faire baisser le taux de chômage dans le pays.

##



## Tablo zak vyolans pou mwa oktòb 2015

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Jedi 1 oktòb 2015 nan lajounen	Yon Bebe	Timoun	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari yo transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 1 oktòb 2015 nan lajounen	Isaac Lambert	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Jedi 1 oktòb 2015 nan lajounen	Antoine Rony	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 2 oktòb 2015 nan lajounen	Peterson Pierre	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 2 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Lapolis tire viktim nan nan afwontman.	Dèlma, Wout Ayewopò bò Bèmann	Bal lapolis	Lapolis
Vandredi 2 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Lapolis tire viktim nan nan afwontman.	Dèlma, Wout Ayewopò bò Bèmann	Bal lapolis	Lapolis
Vandredi 2 oktòb 2015 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 2 oktòb 2015 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 2 oktòb 2015 nan lajounen	Esthershy Barbara Pierre Toussain	Fanm	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 2 oktòb 2015 nan lajounen	Francisco Gedeon	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 3 oktòb 2015 nan lajounen	Anel Lezilme	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Matisan 1	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 3 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Pòtay sen Jozèf	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 3 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Zòn Simityè a	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 3 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Zòn Simityè a	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 3 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Zòn Simityè a	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 4 oktòb 2015 nan lajounen	Ricardo A.C	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, 3e Avni Koridò Lafwa	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 oktòb 2015 nan lajounen	Bòyò A.C	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 31	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 6 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ridikè	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 6 oktòb 2015 nan lajounen	Yon Moun	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 7 oktòb 2015 nan lajounen	Pierre Borgellon	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Riyèl Alèt	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 7 oktòb	Yon jèn gason yo pa	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa	Dèlma, Dèlma	Bal gang	Gang

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
2015 nan lajounen	idantifye		idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	2		
Mèkredi 7 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 2	Bal gang	Gang
Vandredi 9 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Lapolis tire viktim nan nan afwontman.	Taba, Taba 12	Bal lapolis	Lapolis
Vandredi 9 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Lapolis tire viktim nan nan afwontman.	Taba, Taba 12	Bal lapolis	Lapolis
Vandredi 9 oktòb 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Lapolis tire viktim nan nan afwontman.	Taba, Taba 12	Bal lapolis	Lapolis
Samdi 10 oktòb 2015 nan lajounen	Roberta Edward	Fanm	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kwadèboukè, santo 11	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 12 oktòb 2015 nan lajounen	Yon pwofesè	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site solèy, Sat	Bal nèg yo pa idantifye	nèg ak zam
